




IGICE CA 9

IGIKORWA
CATANGUYE



RABA,
UMWAGAZI
W'IMANA URAJE ARI
NAWE UZOKURAWO
IVYAHA VY'ABARI
MW'ISI YOSE.

*LYU NI
MESIYA!*

URYA
ABAVUGISHWA
BAVUZE.


AZOKORA
IKI?



SINSHOBORA
KUKUVA INYUMA,
MWAMI.

KURIKIRA
YESU.

SINDI UMWAMI WAVE.
NTEGEREZA GUCA BUGUFI
SIMBONEKE HAMA NAVE AGASHIRWA
HEJURU. GUSHIKA ABAYE VYOSE. VYUKURI
NI MESIYA, UMLUKIZA W'ISI. MUKURIKIRE.



MWAMI, TWASHAKA
KUGUKURIKIRA HANYUMA
TUBE ABANYESHURE BAWE.
UBA HEHE?

INGO
MURABE.



FIRIPO,
NKURIKIRA.

EGO MWAMI, TWARI
TWARAKURINDIRIYE,
ARIKO UBWA MBERE
NTEGEREZA KUGENDA
HANYUMA NDONDERE
NATANAYERI.

NAWE, NYENE,
YARUMVIYE ITEGEKO
RY'IMANA HANYUMA
ARINDIRA MESIYA.



NATANAYERI
ARI HEHE?

ARI MU
RUHONGORE.
HARIHO
IKIBAZO?

OYA, VYOSE
NI SAWA.


YOHANA 1:35-39, 43-45, 3:30-31



**NATANAYERI,
URI HEHE?**


**NDI NGAHA,
MWENEMAMA.**

**NATANAYERI,
TWAMUBONYE, WA
WUNDI MOSE HAMWE
N'ABAVUGISHWA BANDIKA,
YESU UMUNYANAZARETI,
UMUHUNGU WA MARIYA.**



MESIYA?
MWAVUGANYE? ARIKO
NAZARETI? NTA KINTU NA KIMWE
C'ICIZA CIGEZE KIVA I NAZARETI. NI
GUTE MESIYA YOVA MU KIBANZA
NKA KIRYA GIKENYE KANDI KIRIMWO
ABANTU BATIZE? YATEGEREZWA
ARIKO KUVUKIRA I BETEREHEMU
I YUDAYA.


INGO NAWEWE
UMWIRABIRE. YOHANA
YARAMUSHINGIYE
INTAHE, ANDEREYA
NAWE BARI KUMWE.



VYUKURI,
N'UMUNYISIRAYERI
AFISE UMUTIMA
WEJEJWE.

FIRIPO,
HARI IKINTU
WAMUBWIYE KU
BINYEREKEYE?


NTA NA
KIMWE.



WEWE NTUNZI. NI
GUTE USHOBORA
KUVUGA KO
MFISE UMUTIMA
WEJEJWE?

IMBERE YUKO FIRIPO
AGUHAMAGARA, KA KANYA
WARI WICAYE MUSI Y'IGITI
C'UMUZABIBU, NARI
NAHAKUBONYE.


VYAGENZE GUTE
NGO UMBONE? NTA
MUNTU N'UMWE YARI
AZI AHO NDI.



URI UMWANA
W'IMANA. URI
UMWAMI WA
ISIRAYERI.

IBI NONE
BIRAGUTANGAJE? UZOBONA
IBITANGAZA BIRUTA IBI. UZOBONA
IJURU RYUGURUKA ABAMARAYIKA
BADUGA BONGERA BAMANUKA BAZA
KURI JEWE. INGO DUFISE IBINTU
VYINSHI VYO GUKORA.

YOHANA 1:45-51




ANDEREYA NAWA ACA
AGENDA KURONDERA
MWENEWABO KUGIRA
AMUBWIRE IVYA YESU.

SIMONI, TWABONYE
MESIYA WA WUNDI
YOHANA YAVUGA.

RYARI? HEHE? YARI
AMEZE GUTE?

INGO
HANYUMA
URABE.



URI SIMONI
LIMUHUNGU WA YONA,
ARIKO LIZOKWITWA
PETERO

NGIYE
GUHA LIBWATO
LIMURYANGO
HANYUMA NCE NZA
NDAGLUKURIKIRE.



MU KANYA GATO YESU ATORA ABAGABO CUMI
NA BABIRI BAZOZA BARAMUKURIKIRA KANDI
BAKONGERA BAKUMVIRIZA INYIGISHO ZIWE.
BAZOKWITWA ABIGISHWA CUMI NA BABIRI.
BARAGENDAGENDA MU GISAGARA KIMWE BAJA MU
KINDI BAVUGA UBUTUMWA BWIZA BW'UBWAMI.



YESU HAMWE N'ABIGISHWA BIWE BAGENDA MU NGORO GUSENGA, ARIKO HARI HUZUYE ABANTU BIDANDARIZA IBINTU.

KUBERA IKI NTEGEREZWAKUVUNJA AMAHERAYANJE IMBERE YUKO NDAYATANGA MU NGORO? BIBONEKA YUKO USHAKA KUNYUNGLUKAKO.

ABAHEREZI BARAHENZWE. IBINTU VYOSE BIDANDARIZWA MU NGORO BARAVYUNGLUKAKO.

ABAHEREZI BACA BARAVYEMEZA.

MARIKO 3:16, YOHANA 1:40-42, 2:12-14



ARIKO ARAKORA IKI?
ARAMAZE NK'ISHA AHAGAZE
HARYA NYENE, ATA NA KIMWE
AVUGA, AJISHA GUSA URYA
MUGOZI AWUJISHAMWO
IKINTU.

TWUNGUTSE GATO
UNO MUSI. IBI NAWE
NTU BIRAPFUMA BISUMBA
KUTAGIRA ICO WINJIJE
MU BUZIMA.


A comic book panel depicting a scene with two men. On the left, a large, muscular hand in a white sleeve is shown grasping the arm of a man in a brown tunic. The man in the brown tunic has a dark beard and hair and a serious expression. To his right, another man with a dark beard and hair, wearing a blue tunic with a red shawl draped over his shoulder, looks on. The background shows architectural elements like columns and a window with a warm, orange glow. In the foreground, a white speech bubble with a black border contains the text.

***INKONI!
ARIKO ARAJISHA
INKONI!***



INZU YA DATA
YATEGEREZWA
KUBA IKIBANZA
C'AMASENGESHO, ARIKO
MWAYIHINDUYE IKIBANZA
C'IBISUMA. KURAHU
VYOSE. UBU NYENE!

INZU YA SO!
YIBAZA KO ARI NDE?
MESIYA ?



NTIMUKAGIRE
INZU YA DATA INZU
Y'IBIDANDAZWA.
MURI AKARWI
K'IBISUMA.

PAFWUU

YOHANA 2:15-16




KUBITA!

MURI
LURLINGANWE
RW'INZOKA.
MWIBA
ABAPFAKAZI.

YIBAZA
KO ARI
NDE?

0000!



MATAYO 6:5-7, 12:34,
YOHANA 2:15-16,
1 TIMOTEYO 6:10

KUBITA!

BAAAA!


MURIGIRISHA
MUGASENGA
AMASENGESHO
MAREMAMARE.

NTIMUKUNDA
BAGENZI BANYU,
MUKUNDA GUSA
AMAFARANGA YA
BAGENZI BANYU.

SIIII!




NIMWASUBIRA
KUGARUKA MU NZU
YA DATA, MUZE
MUHATURIRE IVYAHA
VYANYU.



MBEGA WOBA
WIBUKA HAHANTU
DAWIDI YAVUGA
KUBIJANYE NA
MESIYA?

URAZI,
ABANYABWENGE
B'IVYANDITSWE BIGISHA
BAVUGA KO IGIHE MESIYA
AZOZA, AZOCA AZA BUKWI
NA BUKWI MU NGORO
YIWE.

EGO.
"ISHAKA
RY'INZU YA
DATA RIZONRYA
KUBERA ABANSI
B'IMANA
BIBAGIYE
IJAMBO
RY'IMANA."



NDIBAZA KO, URI
YESU UMUNYANAZARETI
WA WUNDI YOHANA YAVUGA.
WATEJE IBIBAZO VYINSHI UNO
MUSI. NI IKIHE KIMENYETSO
WOTWEREKA?

ICEREKANA KO NDI
MESIYA KIZOBONEKA
NIWASAMBURA IYI NGORO.
MU MISI ITATU GUSA
NZOBA NDAYIHAGURUKIJE
KANDI.




VYATWAYE
IMYAKA 46 KUGIRA
IYI NGORO YUBAKWE,
HAMA RERO WEWE
URIKO URIYUMVIRA KO
USHOBORA KUYUBAKA
MU MISI ITATU GUSA?
IVYO NTIBIBAHO!

YESU YARIKO AVUGA URUSENGERO
RW'UMUBIRI WIWE, ARIKO,
NTAVYO YASIGUYE KUKO NTIYARI
ASHAKA KO BABITAHURA.

NIWAGARUKA
KANDI NGAHA,
TUZOCA TUGUFATA
TUGUHAGARIKE.

ZABURI 69:9, 119:139, YOHANA 2:17-22

YESU N'ABIGISHWA BIWE BAVA I YERUSAREMU HANYUMA BACA BAJA MU BUSERUKO BWA NAZARETI, MU GISAGARA YESU YAVAMWO.



OOO, YESU, WAJE MUHIRA. ZANANA N'ABO BAGENZI BAWE BOSE HANYUMA TUBATEGURIRE IVYOKURYA BIRYOSHE.

MA, TUZA KUMARA NGAHA AKANYA GATO, ISABATO GLUSA.

TURANEZEREWWE CANE
KUBONA UMWE MU BACU AGARUTSE
AKAGARUKANA N'ABAGENZI BIWE.
TWARUMVISE IBINTU TUTAMENYEREYE
KURI BO. TWARI DUKENEYE KUVYUMVA
KANDI MU NYUMA.

NKUKO YAKUNDA
KUBIGIRA, YESU
AGENDA MW'ISINAGOGI,
IKIBANZA ABAYUDA
BAKUNDA
GUHIMBARIZAMWO KU
MUSI W'ISABATO.

ARIKO MURI
KANO KANYA, REKA
YESU ADUTERE
ITEKA ADUSOMERE
ICANDITWE C'UNO
MUSI. WOBIKORA?




ISABATO N'UMUSI UMWE MU NDWI BARUHUKIRAKO ABASENGA
WASHIZWEHO N'IMANA KU MUSI W'INDWI KANDI UHINGWA NKA
RIMWE MU VYAGEZWE CUMI KU BAYUDA. (ITANGURIRO 2:2-3,
KUVAYO 20:10.) YESAYA 42:7, 61:1-2, RUKA 4:16-21

YESU AZINGURURA
KU MUVUGISHWA
YESAYA HANYUMA ACA
ABONA UBUVUGISHWA
BUZWI CANE GOSE KU
BIJANYE NA MESIYA.



"MPWEMU W'UMWAMI MANA
ARI KURI JEWE KUKO YANSIZE
AMAVUTA NGO MVUGE UBUTUMWA
BWIZA MBUBWIRE ABAKENE, KANDI
NONGERE MPUMURE IMPUMYI,
NGO MPE UMWIDEGEMVYO BARYA
BABOSHWE, HANYUMA NDABABWIRE
KO IGIHE CAMAZE GUSHIKA KANDI KO
ARI UBU NYENE IMANA IZANYE
AGAKIZA IKAKAZANIRA ABANTU
BAYO. "

A bearded man with long hair and a serious expression is shown in profile, looking down at a large, unrolled scroll. He is holding the scroll with his right hand, which has a golden, ornate handle. The background is a simple, light-colored wall. The man's face is detailed with a beard and mustache, and his eyes are focused on the text of the scroll.

UNO
MUSI, LIBU
BUVUGISHWA
BURASHIKIJE.



ARAROGOSE!

**LRI
UMUHUNGU
W'UMUBAJI
GUSA.**

**MUTEKANE
MUTEKEREZE.
TURAGIYE.**

**MUTERE
AMABUYE
GUSHIKA
APFUYE.
ARIKO AVUGA
KO ARI
MESIYA**

YESU HAMWE N'ABIGISHWA
BIWE BAZA I KAPERINAWUMU,
IGISAGARA KIRI IRLIHANDE
Y'IKIYAGA AHO BAMWE
MU BIGISHWA BIWE BABA.
NAHO NYENE KANDI
BINJIRA MW'ISINAGOGI.



UMUVUGISHWA ARAVUGA
KO MESIYA AZOBA UMUCO KU
BANYAMAHANGA HAMA BIZIGIRE
MURI WE. HAHIRWA UMUNTU
AFISE UMUTIMA WEJEJWE,
KUKO AZOBONA IMANA. IMANA
NTIYIRUKANA UMUNTU WESE AJE
AYIGANA, ABA UMUYUDA CANKE
UMUNYAMAHANGA.




**UWEJEJWE!
TWIREKERE.**



NDAZI UWO URI
WE. URI UWEJEJWE
W'IMANA.

ABOSHWE
N'UMURWANIZI.
MUKURE MURI
KINO KIBANZA.



WAJE
KUDUSAMBURA
IMBERE YUKO
UMWANYA WACU
LIGERA? TUREKE
TWENYENE. NTACO
DUFISE DUKORANA
HAMWE NAWA.

NI NDE
YAMURETSE NGO
YINJIRE NGAHA?
RABA HANZE ! NI
LIWO KWIRINDA.



MURWANIZI,
NDAGUTEGETSE
USOHOKE LIVE MURI
UYU MUNTU KANDI
NTUZE USUBIRE
KUMUGIRIRA NABI
KANDI.

LUKA 4:28-35



GENDA!

IYEEEECCCCC!



WAMLUKOREYE
IKI?

YAPFLUYE?

BUKWI NA BUKWI, ACA ARAHAGARARA
KU MAGURU YIWE.

IMANA
ISHIMWE!

UMURWANIZI
YAGIYE. UBU
URIDEGEMVYA.
UBU RERO SUBIRA
IYO WAVUYE,
ARIKO NTUZE
USUBIRE GUKORA
ICAHA KANDI.

YESU AFISE UBUBASHA
BUNENGESEREYE HEJURU
Y'UMURWANIZI. UMUGABO ACA
ASUBIRA KUMERA NK'ABANDI
BANTU.



TURAJE.

PETERO,
LUMUGORE
WAVE AVUZE
NGO WIHUTE
LIZE MUHIRA.
NYINA WIWE
ARARWAYE
CANE ARIKO
ARARURUMBA
GOSE.




OOO,
PETERO, MUGABO
WANJE, NDAFISE
LIBWOBA BWINSHI.
UMUCANWA UGUMA
UDUGA KANDI
NABI.

NTUGIRE
LIBWOBA.
UMWAMI ARI
NGAHA.




HAGURUKA,
MUGORE, INGWARA
YAWE YAGIYE.



MARIKO 1:25-30,
LUKA 4:35-38

ARIKO
ARAVYUKA!
YAKIZE!

ARAVYUKA AVA MU GITANDA
CIWE ACA YAKIRA YESU
HAMWE N'ABIGISHWA BIWE.



IBIJANYE
NO GUKIRA
BIRAGASARA
BACA
BATANGURA
KUZANA
ABARWAYI
BENSHI KWA
YESU.

MWAMI, DATA
YANYUNYUTSE KUVA
KERA NKIRI UMUHUNGU
MUTOYA. INZU
YAMUGUYEKO HANYUMA
ICA IVUNA UMUGONGO
WIWE. NDAKWINGINZE
NIMBA UBISHOBOYE,
MUFASHE.

HAGURUKA
UGENDAGENDE.



**IMANA
ISHIMWE!**



**NDASHOBORA
KUGENDA!
N'IGITANGAZA!**

**MWAMI,
LIMUKOBWA
WANJE
YAVUTSE ARI
IMPUMYI.
URASHOBORA
KUMUFASHA?**

**MARIKO 1:30-34,
LUKA 4:38-40**

NKUKO IVYANDITSE
BIVUGA, "IMPLUMYI ZIZOKWAKIRA
UKUBONA" UMLUKOBWA WAVE LIBU
ARABONA.






DATA, NI WEWE?

OO, DATA, SINARI
BWIĞERE NDAKLIBONA
N'AMASO YANJE,
ARIKO URI MWIZA CANE
BIRENZE UKO NAHORA
NDAVYIYUMVIRA.






YESU N'ABIGISHWA
BIWE BAMANUKA I
YERUSAREMU MU MISI
MIKURU, HANYUMA YESU
YIGISHA MU RUSENGERO.

UMUNTU IYO
AKUVUMYE NAWA
NTUCE UMUVUMA,
AHUBWO UZOCE
UMUSENGERA KUGIRA
NONEHO UMUGISHA UZE
KURI MWEBWE. MUFATE
ABANDI NKUKO NAMWE
MUGOMBA KO BABAFATA
MWISHIRE MU
KIBANZA CABO.

ABANTU
NIBABAGIRIRA NABI,
MUZE MUBABABARIRE.
MUZOHEZAGIRWA NIMWAGIRA
UMUTIMA WEJEJWE,
KUKO MUZOCA MUBONA
IMANA. NIMWAGIRIRANIRA
AMAHORO NABO, MUZOCA
MUHEZAGIRWA CANE.


A man with a beard, wearing a white tunic and a yellow shawl, stands in a classical building with columns. He has his right hand raised and his left hand near his chest, as if speaking or gesturing. A crowd of people, some wearing head coverings, is gathered around him, looking towards him. The scene is set in a well-lit, outdoor or semi-outdoor space with architectural details like columns and arches.

MWARAVYUMVISE
KANDI VYARAVUZWE
N'ABANTU BA KERA
KO MUTEGEREZA
GUKUNDA BAGENZI
BANYU HANYUMA
MUKANKA ABANSI
BANYU, ARIKO JEWE
NDABIBABWIYE KO
MUTEGEREZA
GUKUNDA ABANSI
BANYU HAMA
MUBAGIRIRE
NEZA.

IVYO IJISHO
KURINDI N'IRYINYO
KURINDI VYO BIMEZE
GUTE?



UMUNTU
NIYAGUKUBITA IKOFE
KW'ITAMA RIMWE, UZOCE
UMUHA N'IRINDI KUGIRA NARYO
ARIKUBITEKO. NTIMUKABE
ABANTU BISHIMIRA INGLUVU.
NIWABONA MUGENZI WAVE
AKENEYE IKOTI NAWA UKABA
UFISE IKOTI ZIBIRI MUHE IMWE.
ASHONJE NAHO, MUGABURIRE.
DATA WO MW'IJURU
AZOBIBONA HANYUMA ACE
ABIGUHEZAGIRIRA.



MWARUMVISE
KO BAVUZE KO
ATA KWICA, ARIKO
JEWE NDABIKUBWIYE
KO GUSA NIWAGIRIRA
ISHAVU MUGENZI WAVE
CANKE MWENEWANYU
ATA GITUMA, UZOBA
URI UMUNTU ARIKO
YISHIRA MU MUTEGO
WO GUCIRIRWA
URUBANZA
N'IMANA.

MATAYO 5:8, 21-22, 38-44, 6:12, MARIKO 1:34, RUKA 4:40


MWARUMVISE
KO HAVUZWE
YUKO UMUNTU
ATEMEREWI GUKORA
UBUSAMBANYI, ARIKO
JEWI NDAKUBWIYE KO
GUSA KURABA CANE
UMUGORE HANYUMA
UKAMWIPFUZA UBA
WAMAZE GUSAMBANA
NAWE MU
VYIYUMVIRO.






ABARONGOZI
B'AMADINI BITAHO
IVYO GLISA NEZA
INYUMA ARIKO
INDANI MURI BO MU
MITIMA BUZUYE
IKIBI.

BAMEZE NK'IMVA ZISIZE
AMABARA YERA. HANZE BASA
NEZA, ARIKO INDANI MURI BO
BAMEZE NK'AMAGUFA YUMYE
Y'ABANTU BAPFUYE. NIMBA RERO
UTAGOROROTSE KUBARUSHA,
NTUZOKWINJIRA LIBWAMI.

A man with a dark beard and mustache, wearing a white shirt and a yellow shawl, is shown in a dynamic, expressive pose. He is looking upwards and to the right, with his right hand raised near his face. The background is a simple, light-colored wall with a dark shadow behind him. The style is reminiscent of a comic book illustration.

HARI INZIRA
YAGUTSE
IRONGORA
ABANTU KU
GUSAMBURWA
KANDI ABANTU
BENSHI BARIKO
BARAYICAMWO.


NDI INZIRA IJA
MW'IJURU. NIWANCAKO
UKINJIRA UZORONKA
UBUGINGO BUDASHIRA.
HAMA NAHO NIWAGERAGEZA
KUGENDA UKUNDI ATARI UKO,
UZOCA UPFA UPFIRE MU
VYAHA VYawe.



KUBERA
IKI UKIZA KU
MUSI W'ISABATO?
MOSE YADUTEGETSE
KO ATA KINTU NA
KIMWE TWEMERWE
GUKORA KU MUSI
W'ISABATO.


DATA
YANDUNGITSE
MW'ISI KUGIRA
NKORE. GUSA IVYO
NKORA NIVYO
ABA AMBWIYE
GUKORA.

URIKO URIGIRA
UMUNTU ANGANA
N'IMANA. UKO NI
KUROGOTA GUHANWA
N'URUPFU!



N'UBUGOMBE
BWA DATA WO
MW'IJURU KO ABANTU
BOSE BAHIMBAZA
BAKONGERA BAKUBAHA
UMWANA NKUKO
BABIKORA KURI SE.

HAZOGERA IGIHE AHO
N'ABARI MU MVA BUMVA IJWI
RYANJE HANYUMA BAZUKE BAVA
MU BAPFLUYE, BAMWE BAZUKIRE
UBUGINGO BUDASHIRA ABANDI
BAZUKIRE URUBANZA RW'IBIHE
BIDASHIRA.



VYUKURI UYU NI
MESIYA. UBWA MBERE
RABA IBITANGAZA AKORA,
HANYUMA UMVE AYA
MAJAMBO ARIKO ARAVUGA
ASHIZE AMANGA.

ARATANDUKANYE
N'ABARONGOZI
B'AMADINI. AVUGANA
LIBUBASHA. NDATA
NYA BAZOHAVA BAMWICA.

NTEGEREZA
KUGENDA HANYUMA
NDABIBWIRE
UMUGORE.

MATAYO 5:27-28, 7:13-14, 28-29, 23:27-28,
YOHANA 5:18-19, 23, 29-30, 14:6




MWAMI, HARIHO UMUFARISAYO AJE KUKURABA. N'UMURONGOZI W'ABAYUDA, UMUNTU AKOMEYE CANE.

KUBERA IKI AJE MW'IJORO? MBEGA VYOBA BITAMEZE NEZA KO ABANTU BAMUBONA ARIKO AGANIRA NA YESU?


REKA NGENDE NIVUGANIRE Nawe TURI BABIRI KWANZA.

*UMUNTU UMWE WA KERA YASENGERA MU BAYUDA YARANDITSE ASABA CANE KO IMICO Y'IKIYUDA YOKUBAHIRIZWA.



UTAVUTSE UBWA
KABIRI NTUSHOBORA
KUBONA UBWAMI
BW'IMANA.

MWAMI, TWEBWE
ABARONGOZI B'ABAYUDA
TURAZI KO URI UMWIGISHA
AVA KU MANA, KUKO NTA
MUNTU YOKORA IBITANGAZA
UKORA SHITI ARI KUMWE
N'IMANA.



URIKO URAMBWIRA
KO NOSUBIRA KWINJIRA
MU NDA YA MAMA
HANYUMA MVEYO KANDI
UBUGIRA KABIRI?

OYA, UMUBIRI
LIVYARA UMUBIRI, HANYUMA
IMPWEMU NAYO IKAVYARA
IMPWEMU. NIKODEMU, UMVIRIZA
IBI BINTU NDIKO NDAKUBWIRA.
UTEGEREZWA KUVUKA UBWA
KABIRI.

MBEGA IVYO
KUVUKA UBWA
KABIRI BIGENDA
GUTE?




NKUKO
MOSE
YAMANITSE
INZOKA MU
BUGARARWA,
NANJE NIKO
NTEGEREZA
KUMANIKWA.

IVYO KUVUKA UBWA KABIRI
NDIKO NDAVUGA BIRATANGAJE
BIMEZE NK'UMUYAGA, ARIKO
TUBIBAMWO CO KIMWE. UTEGEREZA
KUGIRA UKO KUVUKA KUVUYE HEJURU
NIMBA USHAKA KWINJIRA MU BWAMI
BW'IMANA.

GUHARURA 21:5-9,
YOHANA 3:1-14,

BARIKO
BARAPFA BICWA
NO GUKOMORWA
N'INZOKA KUBERA
BARI BARACUMUYE
KU MANA. HANYUMA
IGIHE GUSA BARABA
BARANGAMIJE IRYA
NZOKA Y'UMURINGA
LIBWO NYENE
BACA BAKIRA.






EGO,
KANDI NUBU
ABANTU BARIKO
BARAPFA BICWA NO
"GUKOMORWA"N'ICAHA.
ARIKO LIBU NI JEWE
NZOMANIKWA KUGIRA
NONEHO ABANTU BOSE
BANDABE. ABAKOMOWE
N'INZOKA MU BUGARARWA
BAKIZWA NO KURANGAMIZA
GUSA BARABA IRYA NZOKA
Y'UMURINGA, LIBU RERO
ABAKOMOWE N'ICAHA
BAZOBHORWA NO
KUNYIZERA.



KUBW'URUKUNDO IMANA
YAKUNZE ABARI MW'ISI, ARIRWO
RWATUMYE ITANGA UMWANA WAYO
IKUNDA, KUGIRA UWUMWIZERA WESE
NTAPFE RUBI, ARIKO AHABWE UBUGINGO
BUDASHIRA. UMUNTU WESE ANYIZERA
ARAFISE UBUGINGO BUDASHIRA, ARIKO
UWUTANYIZERA ARAMAZWE
GUTSINDWA N'URUBANZA.

YOHANA 3:14-18



LIBU RERO URIKO URAVUGA
KO UKUVUGA UBWA KABIRI
ARICO CONYENE GISHOBORA
GUKIZA ICAHA, KANDI KO UGIYE
KUMANIKWA KU GITI KUGIRA
NONEHO UKUBOHOKA
GUTANGWE.

NONE UKO
KUVUKA UBWA
KABIRI KUZOBA
RYARI?

INYUMA YO
KUMANIKWA
KWANJE KUGIRA
ABANTU BOSE
BAMBONE.

ABANYASAMARIYA
BABA HAGATI YA
YERUSAREMU NA
GARIRAYA. ABAYUDA
RERO BARIRINDA
GUKORANA
N'ABASAMARIYA, NO
GUCA MU GISAGARA
CABO NTIBACAYO,
KUKO BIZERA KO
ABANYASAMARIYA MU
BURYO BW'IMPWEMU
BARI BARAYOVYE.
UMUSI UMWE YESU
ATANGAZA ABIGISHWA
BIWE MU KUVUGA:



N'UBUGOMBE
BWA DATA KO
NJA SAMARIYA.

NIMUZE,
NTEGEREZW
KUGENDA I
SAMARIYA.

MWAMI,
NTIBEJEJWE, N'ABANTU
BAFISE UKUTAMENYA!
N'ABAKENE KANDI
N'ABASAMBANYI.



KU MUHINGAMO BACA
BASHIKA KW'IRIBA
HANZE Y'IGISAGARA.

GENDA MU
GISAGARA HANYUMA
MUCE MUSUMA INYAMA.
NDABARINDIRIYE
JEWE NGAHA KW'IRIBA.


LIZA
KUGUMA
NGAHA URI
WENYENE?

EGO,
NTEGEREZWA
GUKORA IGIKORWA
CA DATA.



YESU YARI ARUSHE, ANYOTWEWE,
KANDI ASHONJE. NAHO
ATARI UMWANYA W'UMUSI
W'ABAGORE KUZA KW'IRIBA,
UMUGORE W'UMUNYASAMARIYA
AZA KUVOMA AMAZI.


YOHANA 4:1-8



URASHOBORA
KUMPA AMAZI
YO KUNYWA
UKORESHEJE
LIMUBINDI
WAVE?

IYABA WARI UZI
INGABIRE Y'IMANA
UKAMENYA N'UWO NDIWE,
WARI KUNSABA JEWE
AHUBWO NKACA NDAGUHA
AMAZI Y'UBUGINGO.


HA! GUTE
WEWE, UMGABO
W'UMUYUDA, ANSABA
AMAZI JEWE, UMGORE
W'UMUNYASAMARIYA?
JEWE NDIBAZA KO
MWEBWE ABAYUDA ATA
KINTU NA KIMWE
DUKORANA.



LUMPA AMAZI WEWE?
NTA KIVOMESHO UFISE KANDI
IRIBA RIRIMBURUTSE. NONE
AYO MAZI Y'UBUGINGO URAZA
KUYAKURA HEHE?

RERO MPA
NYWE KURI AYO
MAZI Y'UBUGINGO
KUGIRA SINZE NSUBIRE
KUNYOTERWA KANDI.


NIWANYWA
KURI IRI RIBA
LIZOSUBIRA KUGIRA
INYOTA. AMAZI NTANGA
AZOBA INDANI MURI
WEWE MU MUSHAHA
KANDI AZOBA NK'URLUZI
RW'UBUGINGO
BUDASHIRA.



GENDA
UHAMAGARE UMUGABO
WAVE HANYUMA NCA
NDAKUBWIRA KUBIJANYE
NAYO MAZI.


NTA
MUGABO
NUMWE
MFISE.

LIMAZE KUGIRA
ABAGABO BATANU,
KANDI UMUGABO
UBU MUBANA SI
UMUGABO WAVE.



VYUKURI URI
UMUVUGISHWA
URAMENYE
IVYAHA
VYANJE VYO
MW'IBANGA.

MWEBWE ABAYUDA
MUHIMBARIZA I YERUSAREMU
ARIKO TWEBWE BA SOKURU
BAHIMBARIZA KURI UYU
MUSOZI. NI UYUHE MUSOZI
ARICO KIBANZA GIKWIRIYE
CO GUHIMBARIZAMWO?



IMANA N'IMPWEMU.
NTIHIMBARIZWA MU NGORO
ZUBATSWE N'ABANA B'ABANTU.
IMANA IRIKO IRARONDERA
ABANTU BAZOKWIZERA UKURI
HANYUMA BAYIHIMBAZE
MU MPWEMU.

TURAZI KO
MESIYA ARIKO ARAZA
KANDI KO NIYAZA
AZODUHISHURIRA
UKURI.




URIKO
LIVUGANA NA
MESIYA.

**NTEGEREZWA
KUGENDA
NDONDERE
ABAGENZI BANJE
NDABIBABWIRE!**



**YESU AGUMA I
SAMARIYA AHAMARA
IMISI IBIRI HANYUMA
YIGISHA ABANTU
IJAMBO RY'IMANA.**

YOHANA 4:7-29, 40




UMUSI UMWE YESU N'ABIGISHWA
BIWE BARI BAHAGAZE KU
RUHANDE RWO KU MUSOZI
BARABA IKIYAGA CA GARIRAYA.

NIWAHA AMAHERA
UMUKENE, NTUZE
LIBIKORERE AHANTU ABANTU
BOSE BABONA AHO ABO
BANTU BASHOBORA
KUKUBONA.


ABANTU IBIHUMBI VYINSHI
BARAZA BAVUYE MU
BISAGARA BITANDUKANYE
KUGIRA BAMWUMVIRIZE
UKUNTU YIGISHA.

NIWAKORA IBINTU
VY'IDINI KUGIRA ABANTU
BAGUSHIMAGIZE KANDI BONGERE
BAKWEMERE, IMANA YO MW'IJURU
NTIZOBA IKIBIGLUHEMBEYE. RERO
NTUKAREKE KO UKUBOKO KWAVE
KW'UKURYO KUMENYA IVYO
UKUBOKO K'UKUBAMFU
KWATANZE.




IGIHE UZOBA
URIKO URASENGA
NTUKAZOBIKORE
NK'ABANYAMADINI
B'INRYARYA, BASENGERA
AHANTU HABONA KUGIRA
ABANTU BABABONE.

KANDI MU GIHE UZOBA URIKO
URASENGA NTUKABANDANYE USUBIRAMWO,
NKUKO ABARONGOZI BANYU B'AMADINI BAKORA
KUKO BAHAGARARA AHANTU HABONA HANYUMA
BAKEREKANA UKUNTU NONEHO BABA BARIKO
BARASENGA.




NTIMUKAMARE UMWANYA
WANYU WOSE N'INGUVU ZANYU
MURONDERA GUTUNGA. ABANTU BATUNZE
BAFISE IBIBAZO KURUTA ABANDI, KANDI
BAKUNDA UBUTUNZI BWABO CANE KUBURYO
BICA BIBA IBIGOYE KURI BO KWINJIRA
MW'IJURU.

NTIMUKIRUNDANIRIZE
UBUTUNZI BWANYU
MURI IYI SI, ARIKO
MUBUSHIRE MW'IJURU AHO
BUZOGUMAHO IBIHE BIDASHIRA.
NTIMUSHOBORA GUKORERA
ABAMI BABIRI. IMANA
N'ITUNGA. AMAHEREZO
MUZOSANGA MWAKUNZE
UMWE HANYUMA
MWANKE UWUNDI.



MWAMI, BURIKO
BIRIRA, KANDI ABANTU
BIRIRWANYE NATWE UMUSI
WOSE. BATEGEREZWA KUBA
BASHONJE KANDI NI KURE
Y'IGISAGARA ICO ARI CO COSE
KUGIRA BAJE KURONDERA
IVYO BAFUNGURA.

BARLINGIKE
RERO BIGIRE
KUGIRA BAJE
KWIRONDERERA
IVYO BAFUNGURA.




MWAMI, AKIRA IVYO
NARI GUFUNGURA. MAWE
YARI YANTEGURIYE IMIKATE
ITANU N'UDUFI TUBIRI
DUTODUTO.



BOSE
NI BICARE
HANYUMA
TUBAHE IVYO
BAFUNGURA.

N'IKI?

MATAYO 6:1-7, 19-21, 14:15



REKA NDABE.
BISA NUKO DUFISE
IFI N'UMUKATE.

TIRA IBISEKE
CUMI NA BIBIRI
VYAGUTSE HANYUMA
MWITEGURE KUBAHA
BAFUNGURE.

ARIKO
MWAMI,
NIVYO
UMUNTU
UMWE, APANA
ABANTU
5 000.



HAHEZAGIRWE
WEWE MWAMI
MANA MANA
YACU, UMWAMI
W'AMAHANGA,
WEWE
WADUHAYE
UMUKATE WO
MW'ISI.



MBEGA
ARIKO ASHIRA
VYA VYOKURYA
BIKEYE MU
GISEKE CAGLITSE
KURYA?



RABA BIRYA!
BIRYA VYOKURYA
VYOSE BIVLUYE
HEHE?

MATAYO 14:19-21, RUKA 9:16-17




**IMANA
ISHIMWE!**

**ADUHAYE
UMUKATE UVUYE
MW'IJURU ...
NKA KURYA KWA
MOSE.**

**MAWE
BIRAZA KUMUGORA
KWIZERA IBI BINTU
BIBAYE.**



ABANTU BATORA IMIKATE
N'AMAFI BABIKURA MU
GISEKE. IVYOKURYA
BIBANDANYA BIRWIRA
KANDI BIRONGERA
BIRARWIRA.



MWAMI,
ABANTU BOSE
BAHEJEJE KURYA,
ARIKO HARACASIGAYE
IBISEKE VYUZUYE.
NTIDUSHOBORA
KUBIPAKURURA.


EGERANYA IBISIGAYE,
HAMA MWEBWE
N'ABANDI MUCE MUFATA
LIBWATO MUJE KU YINDI
NKOMBE Y'IKIYAGA.
TURAZA KUHAHURIRAYO.
NTEGEREZA KUJA KU
MUSOZI GUSENGA.

YESU AGENDA KU MUSOZI WENYENE, HANYUMA
ABIGISHWA BIWE BOSE BAGENDA MU BWATO
ABANDI BANTU BABASIGA KU NKOMBE Y'IKIYAGA.



YESU KENSHI YARAKUNDA KUGENDA
MU BUGARARWA GUSENGA.

MATAYO 14:20-23



HANYUMA ABIGISHWA
BASHIKA HAGATI MU KIYAGA,
INKUBI Y'UMUYAGA IRAZA,
HANYUMA BATANGURA
KUGIRA UBWOBA BIBAZA
NONEHO KO BAZA KWIBIRA.

SINARI
BWABONE
UMUYAGA
NKUYU.

NTIDUSHOBORA
KURENZA
NGAHA;



**TUGIYE
KWIBIRA!**


**RABA! HARI
IKINTU KIRI HARYA HANZE
Y'AMAZI!**



N'IGISIGO!

N'IGISIGO!

**N'UMUNTU ARIKO
AGENDAGENDERA
HEJURU Y'AMAZI.**



MWAMI, NIMBA ARI
WEWE, NYEMERERA NZE
IWAVE NANJE NGENDERA
KU MAZI, NKUKO URIKO
URABIKORA.

PETERO, NI
JEWU, NTUGIRE
LIBWOBA.

INGO KURI
JEWU, PETERO.

MATAYO 14:24-29



**OYA,
PETERO.**


**NDIKO
NDAZA,
MWAMI
MANA.**

PETERO VYUKURI
YARIKO ARAGENDERA
KU MAZI MU GIHE
YARIKO AZA KURI YESU.



PETERO ABONYE IMIKUBA
MININI NTASUBIRE KUBONA
YESU, ACA AGIRA UBWOBA.





LIBWOBA BUCA
BUSAMBURA
UKWIZERA KWIWE,
HAMA ACA
ATANGURA KWIBIRA.

**MWAMI
MANA,
NKIZA!**

MATAYO 14:29-30

PETERO,
WATANGUYE
KUNKEKERNYA.



YESU ACA
AGARUKANA
PETERO KU BWATO,
ARIKO RERO BOSE
BABANDANIJE
BAGENDERA KU MAZI.

**PETERO,
WAGENDAGENDEYE
KU MAZI!**






AMAHORO,
AGUMEHO.

YESU ACA AKANKAMIRA
INKUBI Y'UMUYAGA
HANYUMA UBWO NYENE
HACA HARATEKANA.

MATAYO 14:31-33, MARIKO 4:38-41



EGERA
KURE YANJE, OO
MWAMI MANA,
KUKO NDI UMUNTU
W'UMUNYAVYAHA.

VYUKURI URI
UMWANA W'IMANA.

MWAMI
MANA KANDI
MANA
YANJE.

KRISTO WA
ISIRAYERI.




MU NYUMA ...

MURI INO MISI
Y'IMANZA HARI ABANTU
BENSHI. AHA HAJE ABANTU
BAVUYE MU BIHUGU VYOSE,
BAMWE BAVUYE KURE CANE
Y'I ROMA NA EGIPUTA.

REKA
TUGENDE KU
KIDENGERI.


AMAZE NGAHA
IGIHE KIREKIRE
NDASHOBORA
KUVYIBUKA.





URAKENEYE
GUKIRA?


NTA
MUNTU
MFISE WO
KUMFASHA.



HAGURLUKA,
TORA IGITANDA
CAWE, HANYUMA
LIGENDE.

URI YESU, SIVYO?
NARUMVISE IBIJANYE
N'IBITANGAZA VYAWA.

YOHANA 5:1-8



MBEGA
IBINTU BIBABAJE
BIKONGERA
BIGATWENZA. URYA
MUNTU AKENYE YARI
AMAZE IMYAKA 38
ARI IKIMUGA.

IYI NI ISABATO YACU
YERA. ARIKO ARAKORA
AHUNGABANYA AMAHORO
YACU.



NARUMVISE KO HARI
ABANTU BASHAKA KUMUKURAMWO.
ARASHIKA KURE MU GUTUMA ABANTU
BAMWUMVIRIZA.

KUBERA IKI UYU YESU
YIBAZA KO ARI MESIYA?

EGO, ARAFISE
ABANTU BAMAZE
KWEMEZWA NEZA KO
AKORA IBITANGAZA.



**AMAGURU
YIWE! ARIKO
ARAKURA!**

**ARIKO
ARAHAGLURLIKA!**



NTIBISHOBOKA!



IMANA
IHIMBAZWE!
INYUMA YIYI
MYAKA YOSE!

YESU NI
MESIYA!



KUBERA IKI
UKIZA KU MUSI
W'ISABATO?

MOSE
YADUTEGETSE
KURUHUKA
KU MUSI
W'ISABATO.

BIREMEWE KU MUSI W'ISABATO
GUSHAYURA INKA Yawe YASHAYE.
MBEGA NDENZE ICAGEZWE MU GUKIZA
UMUNTU KW'ISABATO?

DATA ARAKORA
NO KU MUSI W'ISABATO,
NANJE LIKO MBONA
AKORA NIKO NKORA.

LUKA 14:5-6,
YOHANA 5:9-17



MUFATE!
ATEGEREZA
GUTERWA
AMABUYE
GUSHIKA
APFE.

AVUGA
KO IMANA
ARI SE. ARIKO
YIGIRA WENYENE
UWUNGANA
N'IMANA.

MWICE!




MUGIRE
MWICE UMUNTU
KUBERA YAKIJIJE
UYUNDI
KW'ISABATO?

AVUGA
IBINYURANYE
N'ITEGEKO
RYACU.

NTA
NA KIMWE
YAVUZE
KINYURANYE
N'ITEGEKO.


UMVIRIZA
IVYO ASHAKA
KUVUGA.



MUNYUMVIRIZE
MWEBWE BANTU KUBERA
NKOZE IKI GITANGAZA. MUZOBONA
MBERE N'IBINDI BITANGAZA BIRUTA
IKI. KURYA DATA ASHOBORA KUZURA
ABANTU ABAKUYE MU BAPFUYE,
YARAMPAYE UBWO BUBASHA NYENE.
DATA YARASHIZE MURI JEWE
UBUBASHA BWUZUYE HEJURU
Y'ISI.

MUTANYUBASHE,
NTIMUBA MWUBASHE IMANA.
NUKURI NDABABWIRE, UNYIZERA
ABA YIZEYE UWANTUMYE, KANDI
AZOCA ARONKA UBUGINGO
BUDASHIRA.


NI GUTE
USHOBORA
GUTANGA UBUGINGO
BUDASHIRA?



HAZOGERA
IGIHE AHO
ABAPFLIYE BUMVA
IJWI RYANJE HAMA
BAVE MU MVA ZABO.
ABAKOZE IVYIZA
BAZOLUKA KUGIRA
BAHABWE UBUGINGO
BUDASHIRA, ARIKO
ABAKOZE IBIBI
BAZOLUKIRA MU
GUCIRWA URUBANZA
RW'IBIHE BIDASHIRA
MU KIYAGA CAKA
UMURIRO.

UKO NI
KUROGOTA
NTA MUNTU
YOZURA
ABAPFLIYE.
IMANA YONYENE
NIYO ISHOBORA
GUTANGA
UBUGINGO
BUDASHIRA.

YOHANA 5:18-29




NTIMUNYIZERA
ARIKO YOHANA
YARAVUZE IBIJANYE
NO KUZA KWANJE
HAMWE N'IVYANDITSWE.
MUSOME IVYANDITSWE
KUKO UBUVUGISHWA
BWINSHI BURAVUGA
KU BINYEREKEYE.

NTIMWIBAZE KO NOBAGIRIZA
IMBERE Y'IMANA.
IVYAGEZWE VYA MOSE,
VYABANANIYE KWUMVIRA,
BIZOBA NK'IBISHINGANTAHE
IMBERE YANYU.

ABANYABWENGE
B'IVYANDITSWE
BAVUGA KO
TUTAZOMENYA
AHO MESIYA
AVA, ARIKO
TURAZI YUKO
UYU ARI
LUMUHUNGU
W'UMUBAJI
AKABA AVA I
GARIRAYA.

UYU NI WAWUNDI
BARIKO BARASHAKA
KWICA, KANDI AVUGA
ASHIZE AMANGA ARIKO
NTACO BAKORA. MBEGA
ABARONGOZI BARAZI KO UYU
NYENE ARI WE KRISTO
VYUKURI, MESIYA WA
ISIRAYERI?



MURAVUGA
KO MUNZI KANDI KO
MUZI NIYO MVA. SINAJE
MURI IYI SI KUBWANJE.
DATA YARANDUNGITSE,
ARIKO NTIMUZI DATA,
JEWE NDAMUZI KANDI
YANDUNGITSE KURI
MWEBWE.

**YANYUMVISE
GLTE?**



AZI
VYOSE.

LYU NIWE
MESIYA
YAVUZWE KO
AZOZA.

URITEZE KO MESIYA
AKORA IBISUMBIJE
VY'IBITANGAZA BIRENZE
IVYO AMAZE GUKORA?




GENDA LIBWO
NYENE MUHAGARIKE
UWO MUROGOSI.

IKI GIHE
NI KIBI.

ABANTU
BARIKO
BARAMWIZERA.
ATEGEREZA
KUNUMISHWA.

YOHANA 5:30-39, 45, 6:42-
43, 7:25-32, 40-41




HAHEZAGIWE
ABANTU BAFISE
INYOTA YO
KUGOROROKA, KUKO
BAZOKUZUZWA.

NIMBA HARIHO
UMUNTU ANYOTWE,
NAZE KURI JEWE ANYWE.
MPWEMU YERA AZOBA
MURI WE KANDI INZUZI
Z'AMAZI Y'UBUGINGO
ZIZOTEMBA ZIVA MURI
WE.

HAHEZAGIWE BARYA
BAREMESA AMAHORO,
KUKO BAZOKWITWA ABANA
B'IMANA. MUKUNDE
ABANSI BANYU HANYUMA
MUBAHEZAGIRE.

NTAVUGA
NK'UMWICANYI.

BAVUGA KO
ARI INYISHU
Y'UBLIVUGISHWA
BUSHIKA KURI 4
000.



KUBERA IKI UTAMUTUZANIYE?
YARI AHAGAZE IMBERE YAWE.
KUBERA IKI UTAMUFASHE?

NTA MUNTU
YARI BWAVUGIYE
NKUYU MUNTU.

AVUGA IBIJANYE
N'URUKUNDO HAMWE
N'IMBABAZI.

HA! NAMWE? MBEGA
HARI ABIZE B'ABARONGOZI
HAMWE N'ABAFARISAYO BAMAZE
KUMWIZERA? UYU YESU
ATEGEREZA GUPFA.




NIKODEMU, WA WUNDI YAZA KWA
YESU MW'IJORO ACA ARAVUGA.

MBEGA HOBA
HARIHO ITEGEKO RICIRA
URUBANZA UMUNTU IMBERE
YO KWUMVA IVYO AVUGA?

NIKODEMU, NAWA URI UMWE
MURI BARYA BAMUKURIKIRA BAVUYE I
GARIRAYA? RABA IVYANDITSWE MESIYA
NTAVA I GARIRAYA. YATEGEREZWA
KUVA I BETEREHEMU I YUDAYA, KANDI
YATEGEREZWA KUBA UMUHUNGU WA
DAWIDI.

MATAYO 5:6, 9,
YOHANA 4:14, 7:45-52




ABWIRA
ABANTU BATOYA
IBINYOMA.

ASA N'UMUNTU
AFISE INYISHU
Y'IKINTU COSE.

KUBERA IKI
TUTOHAGURUTSA UMWE
MU BASHINGWAMANZA
KUGIRA AMATEGERE KU
MAJAMBO AVUGA?



HARI UMUCAMANZA NZI.
ARAZI UBWENGE KANDI
NTA KIBI AKORA.




WA
MUCAMANZA
ACA ARAZA
AZA GUTEGA
UMUTEGO
YESU.

ITEGEKO
RIVUGA IKI?

MWAMI,
N'IGIKI
NOKORA
KUGIRA
NDARWE
LBUGINGO
BUDASHIRA?

RIVUGA NGO
UKUNDE UMWAMI MANA
IMANA Yawe N'UMUTIMA,
UMUSHAHA, INKOMEZI,
HAMWE N'IVYIYUMVIRO
KANDI UKUNDE MUGENZI
Wawe NKUKO
WIKUNDA.



INYISHU YAWE
IRI AHO NYENE.
URUKUNDO NIRWO
RUSHITSA ITEGEKO.
NIWAKUNDA MUGENZI
WAVE NKUKO WIKUNDA,
AHO UZOHIMBARA
IMANA.

EGO, ARIKO
MUGENZI WANJE
NINDE? NIZERE KO
UTARIKO UVUGA BOSE
HAMWE N'ABAROMA.

REKA
NKUBWIRE
IYI NKURU:



HARI UMUGABO
YARI MU RUGENDO
AVA I YERUSAREMU AJA I
YERIKO HANYUMA ATERWA
N'IBISUMA, BIRAMWAMBURA
IBINTU VYOSE YARI AFISE,
BIMUSIGA AGIRE APFE.

UMUHEREZI
ARARENGANA
AHO WA MUNTU
YARI ARYAMYE
IRUHANDE Y'IBARABARA,
ARARENGANA NTA
KINTU NA KIMWE
YAKOZE NGO
AMUFASHE.

LUKA 10:25-31

HARENGANA UMUREWI
NAWE, UMUNTU YATOWE
KUGIRA AKORERE MU NGORO,
ARAHAGARARA ARABA UKUNTU
WA MUNTU YAKOMERETSE,
ARIKO NAWA NTA NA KIMWE
YAMUFASHIJE.



MBEGA N'IKIHE
CIZA WOVLUGA KO
UKORA NIMBA WOVLUGA
NGO URAKUNDA UTERAKANA
IVYAMWA VY'URUKUNDO NGO
UKORE? NIMBA UDAKUNDA
MUGENZI WAWA, N'IMANA
NTUYIKUNDA.


HANYUMA HARENGANA
UMUNYASAMARIYA, UMUNTU YANKWA
N'ABAYUDA KANDI BAVUGA KO ATEJEJWE.
ABONYE WA MUNTU YAKOMERETSE,
YAKUBITSWE KANDI ARYAMYE
KW'IBARABARA, NTIYARAVYE KO URYA
MUNTU ARI UMUYUDA.



UMUNYASAMARIYA
AMWUMVIRA
IKIGONGWE ACA
ARAHAGARARA
ARAMUFASHA.



UMUNYASAMARIYA ACA
ARAHANAGURA IBIKOMERE
VYIWE YONGERA ARABIPFLUKA.
URUKUNDO RWIWE NTIRWARI
URWO MU MAJAMBO ARIKO
RWARI URWO IBIKORWA.



UMUNYASAMARIYA
ACA AFATA WA MUNTU
YAKOMERETSE
AMUSHIRA KU NDOGOBA
YIWE ACA AMUTWARA
AHANTU ARUHKIRA
KUGIRA AKIRE NEZA.

BIROROSHE.
NAKURONSE. UBU
UGIYE KURUHUKA
MU GITANDA.



NZOKURIHA
KUBWO INDWI ZIBIRI
Z'INDARO HAMWE
N'IVYOKURYA. NIMBA
NAHO KUMWITAHU
BISABA AYANDI MAHERA,
NZOYAKURIHA NSUBIYE
GUCA NGAHA.

RLIKA 10:32-35

A comic book illustration depicting a scene with Jesus on the left, wearing a white robe with a yellow sash, his hands on the chest of a man in a grey and yellow robe. The man has a surprised expression. In the background, a crowd of people is gathered, some holding swords. The scene is set outdoors with a building in the distance.


WAMBAJIJE MUGENZI WAVE UWO ARI
WE. UBU RERO MBWIRA, MURI ABO
BAGABO BATATU NI NDE YABEREYE
UYUNDI UMUGENZI URYA MUGABO
YAKOMERETSE?

URYA
YEREKANYE
IMBABAZI
NYENE.

VYIZA!




LIBU RERO
URASHOBORA
KUGENDA
UGAKORA NKUKO
UMUNYASAMARIYA
YAKOZE. URASHOBORA
GUKUNDA MU GENZI
WAVE.



UMUSAZI!
MUKURE HARYA
IMBERE YA
YESU NTAHAVE
AMUHINDURA.

MBEGA
INYIGISHO Z'UBUSAZI?
NTIZIBANGUTSE.
ABANTU BAMWE BAMWE
NTIWIBAZE KO HARI
URUKUNDO BAFISE.



WARUMVISE KO HAVUGA NGO
UKUNDE BAGENZI BAWE HANYUMA
WANKE ABANSI BAWE, ARIKO JWE
NDABIKUBWIYE KUNDA ABANSI BAWE,
HEZAGIRA BARYA BAKUVUMA, GIRIRA NEZA
BARYA BAKWANKA, KANDI WONGERE
LIBASENGERE BARYA BAGUKANDAMIZA
BAKONGERA BAKAGUHAMA.

MATAYO 5:43-44,
LUKA 10:36-37



<https://goodandevilbook.com/>